



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 1/5/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

4YÈM PWOPOZISYON AJANDA 2016 GOUVÈNÈ A: DEVLOPE EKONOMI AN AK RANFÒSE ENFRASTRIKTI NAN KOMINOTE YO NAN ETA NEW YORK

Soulajman taks pou ti biznis yo, finansman pou pwojè enfrastrikti dlo, nouvo pwogram revitalizasyon anba lavil ak 6yèm seri inisyativ Konsèy Rejyonal nan ajanda 2016 Gouvènè a

Gouvènè Cuomo jodia te devwale katriyèm siyati pwopozisyon ajanda 2016 li a: yon seri investisman ak inisyativ ki fèt pou kontinye devlope ekonomi an ak bati pi solid, kominote ki pi dinamik nan Eta New York. Pwopozisyon sa yo gen ladan soulajman taks enpòtan pou ti biznis yo, ogmante finansman pou sipòte pwojè amelyorasyon enfrastrikti dlo minisipal, yon nouvo efò pou revitalize ak transfòme zòn anba lavil yo nan chak rejyon nan eta, ak yon sizyèm seri inisyativ konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal ki gen siksè. Gouvènè a te diskite sou anons sa yo— ki se yon apèsi sou siyati politik nan ajanda 2016 li a kap vini – pandan yon aktivite jodia nan Rochester.

“Pandan senkan ki sot pase yo, nou te redevlope ekonomi New York epi restore opòtinite nan kominote yo nan Upstate – e kounye a nap bati sou elan sa pou fè yon diferans ki pral dire pou plizyè jenerasyon,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Nou pral fè investisman enpòtan nan enfrastrikti, koupe taks pou ti biznis yo, epi investi nan apwòch rejyonal a devlopman ekonomik ki te fè yon diferans toupatou nan Upstate. Ansanm nap kontinye fè Eta sa ale delavan.”

Soulajman taks pou ti biznis yo

Ti biznis yo se pati esansyèl nan ekonomik Eta, konte pou 43 pousan nan tout djòb sektè prive nan New York. Pandan dènye senkan ki sot pase a, Gouvènè Cuomo te travay san pran souf pou ranfòse konpetisyon ti biznis yo nan diminye fado taks yo. Depi li te antre nan administrasyon an nan 2011, li te avanse yon kantite rediksyon taks pou ti biznis yo kap ekonomize ti biznis yo nan eta yon total \$3.8 milya nan 2021. Dènye Pwopozisyon Gouvènè a pwojete pou ekonomize ti biznis yo yon lòt \$298 milyon chak ane, pote total ekonomi nan tout eta apati nouvo pwogram a preske \$1.2 milya nan 2021.

Pou kontinye kwasans sektè ti biznis yo ak plis ede nan agrandisman ekonomi New York, yo te diminye taks pou alafwa ti biznis yo ki peye atravè taks kòporasyon ansanm avèk sila yo kap peye atravè revni taks pèsònèl yo.

Pou ti biznis yo ki fè deklarasyon taks dapre kòd taks kòporasyon, Gouvènè a pwopoze pou redwi pousantaj taks revni nèt de pousantaj aktyèl 6.5 pousan a 4 pousan apati 1ye janvyè 2017. Nan bi pou koupe taks sa, definisyon “ti biznis” se yon biznis ki genyen mwens pase 100 anplwaye, avèk yon revni nèt anba \$390,000. Ti biznis yo tradisyonèlman te peye yon pousantaj ki pi ba pase kontribyab gwo kòporasyon yo, men nou te pase lwa pou koupe taks nan 2015 diminye pousantaj taks kòporasyon nan nivo ke ti biznis yo peye aktyèlman. Gouvènè Cuomo pwopoze pou konsève avantaj taks ti biznis yo nan diminye pousantaj yo menm plis. Pou evite yon “presipis” pousantaj taks ki pi ba ta disponib pou ti biznis yo ki gen mwens pase \$290,000 nan revni nèt, e pousantaj la ap pwogresif jis nan standa pousantaj aplikab a biznis yo ki gen yon revni nèt de \$390,000 oswa plis.

Pou ti biznis yo ke manm yo peye taks atravè taks revni pèsònèl, Gouvènè a pwopoze nouvo rediksyon ak elajisman taks. Aktyèlman, antrepriz endividyèl yo ak ti biznis agrikòl yo ka soustrè senk pousan nan revni kalkilasyon taks yo. Gouvènè a pwopoze pou ogmante eksklizyon a 15 pousan revni. Anplis, nan fason pou kreye diferans taks ant kalite ti biznis yo, Bidjè Egzekitif la egalman elaji rediksyon taks sa a lòt kalite ti biznis yo. Manm Patenarya, S-corporations, ak LLC yo ap anmezi pou ekskli 15 pousan nan revni biznis osi lontan ke revni biznis yo soti de yon antite biznis avèk mwens pase \$1.5 milyon nan resi brit New York, ak revni biznis total yo apati sous sa yo anba \$250,000.

Apre 1,091,000 ti biznis nan tout eta ap benefisye de pwopozisyon 2016 Gouvènè a. Wap jwenn yon repatisyon rejyonal sou biznis kap benefisye yo disponib anba:

Lwès New York	65,600
Finger Lakes	55,478
Southern Tier	27,558
Central New York	37,047
Mohawk	21,121
North Country	19,271
Capital Region	54,518
Hudson Valley	134,863
Vil New York	483,912
Long Island	191,632
Total pou Eta a	1,091,000

Investisman Enfrastrikti Dlo

Bidjè Egzekitif Gouvènè Cuomo a gen ladan \$250 milyon nan finansman pou sipòte dlo potab ak pwojè enfrastrikti egou nan eta, avèk mwatye ki te distribye a minisipalite yo ane sa e rès mwatye a nan 2017. Environmental Facilities Corporation ansanm avèk Depatman Sante ak Konsèvasyon Anviwonman ap jere alokasyon yo.

Pwopozisyon sa ogmante pa \$100 milyon Lwa sou Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo nan 2015, sa ki te apwouve pandan bidjè eta 2015-16 la pou sipòte sibvansyon sou ane fiskal twa eta. Ane pase, Gouvènè Cuomo te anonse ke \$50 milyon finansman te atribye a 45 pwojè nan eta, ogmante plis pase \$440 milyon nan investisman enfrastrikti dlo. An total, investisman \$300 milyon sa ap ogmante plis pase \$1.5 milya nan investisman lokal nan amelyorasyon enfrastrikti dlo nan eta.

“Toupatou nan eta, gouvènman lokal yo gen difikilte pou repare ak ranplase enfrastrikti aje avèk resous ki limite,” **te deklare Komisyone pa Entèrim Depatman Konsèvasyon Anviwonman Basil Seggos.** “Rekonèt difikilte sa, jodia Gouvènè Cuomo ap montre lidèchip fòmidad nan pwoteje resous dlo New York nan ogmante finansman pou amelyorasyon enfrastrikti dlo sal. Munisipalite yo nan Long Island a Rochester, apati North Country pou rive nan Konte Allegheny, ka benefisye de ogmantasyon sa yo nan finansman sibvansyon.”

Anba Lavil NY: Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil \$100 milyon Gouvènè a (“DRI”) se yon apwòch konplè ak kowòdone plizyè ajans pou transfòme zòn ke yo te bliye depi lontan an katye dinamik kote mendèv demen an ap vle abite, travay, epi elve yon fanmi.

Eta te gen siksè avèk yon apwòch investisman konsantre pou revitalizasyon kominotè tankou investisman \$2 milyon Eta nan Corning pou renove distri Gaffer ansanm avèk lòt zòn yo. Corning te itilize fon sa yo pou ogmante yon investisman prive adisyonèl \$8 milyon pou reyabilite bilding istorik ki pa itilize yo pou loje nouvo ak ti biznis kap grandi yo ki se sant nan rejyon an.

Inisyativ la ap envesti \$100 milyon nan 10 kominote pou lojman transfòmativ, devlopman ekonomik, transpòtasyon ak pwojè kominotè ki pral atire epi kenbe rezidan, vizitè ak biznis yo. Yo pral idantifye pwojè yo atravè yon pwosesis planifikasyon stratejik ki kondwi pa yon twazyèm pati espesyalis an konsiltasyon avèk planifikatè yo ki soti nan Depatman Deta ak Lojman ak Renouvèlman Kominote.

Eta ap travay avèk chak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal pou chwazi yon kominote ki aktyèlman ap eksperimente pèt popilasyon ak/oswa deklen ekonomik ki pral soumèt plan revitalizasyon, devlope an kolaborasyon avèk politik ak espesyalis planifikasyon yo, pou zòn anba lavil yo a. Chwa yo ap fèt nan mwa avril, e kominote yo te idantifye yo ap asiyen a ekip resous ajans yo nan Eta ki konpoze de planifikatè kominotè ki soti nan Depatman Deta ak Lojman ak Renouvèlman Kominote, ansanm

avèk espesyalis planifikasyon endepandan pou ede nan kreyasyon yon plan investisman stratejik ki pral soumèt nan kad pwosesis 2016 REDC. Plan revitalizasyon chak kominote ap idantifye yon seri pwojè kowòdone ki pral kondwi aktivite ekonomik ak kwasans popilasyon an nan zòn anba lavil.

Pwojè elijib yo ap gen ladan sa yo ki devlope ti biznis yo ak travay, elaji lojman, amelyore koridò transpòtasyon, ak ogmante enstitisyon fondamantal yo tankou inivèsite ak lopital. Pwosesis 2016 REDC a ap bay fon priyorite nan Aplikasyon Finansman Konsolide pou pwojè revitalizasyon anba lavil nan lòt kominote yo ki gen menm objektif yo.

Fon DRI yo ap ogmante tou avèk investisman prive ak resous Eta ki egziste deja, enkli:

- Pwogram Revitalizasyon Bòdmè Depatman Deta Lokal
- Rekonpans Taks ak finansman kapital Empire State Development
- Lojman ak Renouvèlman Kominotè lojman a bon mache kredi taks ak Fon Blòk Sibvansyon Devlopman Kominotè
- Pwogram Sibvansyon Inovasyon Vè Environmental Facilities Corporation
- Finansman Department of Transportation Complete Streets
- Finansman Department of Health Healthy Communities
- Fon Pwojè Konsèy Eta New York sou Art

Inisyativ Revitalizasyon Upstate ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal

Nan 2011, Gouvènè Cuomo te kreye konpetisyon Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal pou devlope plan devlopman ekonomik rejyonal atravè yon apwòch anba-anwo ki pote edikasyon siperyè, endistri, ak lidè gouvènman yo ansanm. Nouvo strateji sa te jenere preske \$4 milya nan investisman eta ki te ogmante \$22 milya nan investisman prive, finanse plis pase 4,100 pwojè ak kreye plis pase 200,000 nouvo djòb nan eta.

Nan 2015, Gouvènè a te kreye Inisyativ Revitalizasyon Upstate \$1.5 milya pou repwodui siksè Buffalo Billion epi kontinye kondwi kwasans ekonomik nan lòt pati yo nan Upstate New York. Grasa URI, rejyon Finger Lakes, Southern Tier ak Central New York te garanti prim \$500 chak sou pwochen senkan yo pou sipòte pwojè ak strateji kap kreye travay epi alafwa ranfòse ak divèsite ekonomi yo.

Pou bati sou siksè REDC ak pwogram URI yo, Gouvènè a pwopoze pou l kontinye apwòch devlopman ekonomik rejyonal sa avèk \$950 milyon nan bidjè eta 2016-17 pou sipòte yon sizyèm wonn prim REDC ak prim finalis URI. Won VI nan inisyativ REDC ap gen ladan \$750 milyon pou divize konpetitivman pami chak nan dis rejyon yo nan eta, ak \$200 milyon pou finanse gwo pwojè yo pou finalis yo ki te soti nan URI ane pase.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418